

# KESSYON / REPONS

## Kisa yon demann azil ye?

Yon moun ki pa nan peyi kote li abitye rete paske li pè **pèsekisyon** oubyen li pè pou **sekirite** l ka mande azil oubyen pwoteksyon peyi Kanada. Si demann nan aksepte, moun nan vin gen estati **refijye** oubyen **moun yo dwe pwoteje**.

## Kòmman pou w fè demann azil o Kanada?

Depi w rive Kanada (eg. : nan avyon, a pye), ou ka mande azil **nan dwàn yo**, pou yo rekonèt ou kòm refijye.

Presizyon: li posib tou pou yo rekonèt ou kòm refijye **anvan menm ou rive Kanada**. Pa egzanp, yon moun ki ap tann nan yon kan refijye, gouvènman Kanada ka parene (chwazi) li. Gen lòt moun ki ka jwenn lòt gwoup moun oubyen òganis ki pran angajman pou ede yo vin enstale yo Kanada. Yon moun ki jwenn estati refijye nan ka sa a gen estati rezidan pèmanan menm kote li rive Kanada a.

## Èske li posib pou mande azil Kanada si w soti Etazini?

Nòmalmman se non. Dapre yon antant ant Kanada ak Etazini, ki rele « **tiers pays sûrs** », nan 2 peyi sila yo, yon moun dwe mande azil (pwoteksyon) nan premye sa l rive a.

Gen eksepsyon, pa egzanp, pou yon timoun (ki poko gen 18-an) ki pa gen moun avè l, oubyen yon moun ki gen fanmi Kanada.

Moun ki antre Kanada san yo pa pase nan dwàn ka mande azil kanmenm lè yo rive Kanada.

Dokiman sa a bay enfòmasyon jeneral, se pa ni yon avi ni yon opinyon jiridik. Sistèm imigrasyon Kanada ak Kebèk konplike anpil; kèk fwa, sa ka mete w nan sitiasyon tèt chaje. Li enpòtan anpil pou nou konsilte espesyalis pou ba nou bon jan esplikasyon sou bagay ki patikilye yo. Enfòmasyon ki nan dokiman sa a revize nan mwa me 2017.

**Pou plis enfòmasyon ak yon lis resous, konsilte gid nou fè pou entèvenan kominotè yo: « L'accès des personnes immigrantes et réfugiées à des mesures sociales au Québec », ki disponib gratis sou : [www.servicesjuridiques.org](http://www.servicesjuridiques.org)**

Nou vle remèsye « ministère de la Justice du Québec » (Fonds Accès Justice) pou èd finansyè yo. Opinyon ki nan dokiman sa a pa vrèman reprezante opinyon « ministère de la Justice du Québec ».

Seri sa a disponib tou (an franse, angle, arab, chinwa senplifye, kreyòl ak espanyòl).

- Ou se yon san papye o Kebèk
- Ou se travayè tanporè e etidyan etranje o Kebèk
- Ou se refijye aksepte o Kebèk
- Ou se rezidan pèmanan o Kebèk
- Ou se refijye refize o Kebèk
- Kritè rezidans
- Ou gen pèmi sejou tanporè o Kebèk

Dépôt légal 2017  
Bibliothèque et Archives nationales du Québec  
Bibliothèque et Archives Canada

Être demandeur d'asile au Québec

# OU SE DEMANDÈ AZIL O KEBÈK



Konnen dwa w nan pwogram sosyal yo

## LAJISTIS

### Èske m ka konsilte yon avoka gratis si m gen yon pwoblèm jiridik?

**WI**, si yon moun admisib pou **èd jiridik** dapre revni li, epi si li rete o Kebèk, **kèlkeswa estati imigrasyon li**.

Sèvis ki disponib yo se : dwa familyal, administratif, imigrasyon, jenn moun, kriminel, lojman, elatriye.

### Èske m gen dwa al nan tribinal si m gen yon pwoblèm avèk pwopriyete kay kote m rete a?

**WI**. «**Régie du logement**» ka ede w si gen yon «bail» ant lokatè a ak pwopriyete a. **Yo pa verifye estati imigrasyon pou sa**.

Moun ki viktim diskriminasyon nan kesyon lojman ka pote plent nan «**Commission des droits de la personne et des droits de la jeunesse**» la.

## LAFANMI

### Èske pitit mwen ka ale lekòl?

**WI**. Pitit demandè azil yo gen dwa ale nan **lekòl piblik gratis** epitou se yon obligasyon pou yo ale lekòl o Kebèk.

### Èske m gen dwa pou m jwenn prestasyon pou timoun?

**NON**. Yon demandè azil pa gen dwa pou l jwenn alokasyon kanadyen pou timoun (federal) ni soutyen pou timoun (pwovensyal) anvan yo aksepte demann li a.

Si moun nan resevwa **èd sosyal**, li gen dwa pou l jwenn yon montan lajan anplis pou chak timoun.

### Èske m gen dwa pou m jwenn prestasyon gouvènman an si m fè yon timoun oubyen si m adopte yon timoun?

**WI**. Yon moun ki mande azil epi ki te travay pandan 12 dènye mwa yo avèk yon **pèmi travay**, gen dwa pou l jwenn prestasyon Rejim kebekwa asirans parantal la (RQAP an franse) (parantal, matènite, patènite, adopsyon).

## PRESTASYON

### Èske m gen dwa pou m jwenn èd sosyal?

**WI**. Yon demandè azil admisib dapre kèk kritè.

### Èske m gen dwa pou m jwenn konpansasyon si m viktim yon zak kriminel?

**WI**. Pwogram endamizasyon viktim zak kriminel (IVAC an franse) **pa baze sou estati imigrasyon viktim nan** pou evalye admisibilite l pou ba li prestasyon yo.

### Èske m gen dwa pou m jwenn konpansasyon finansye si m viktim nan yon aksidan machin?

**WI**. Pwogram Sosyete Asirans Otomobil Kebèk la (SAAQ an franse) kouvri tout moun ki gen **rezidans legal** (ki gen otorizasyon pou rete o Kanada), kidonk, demandè azil yo tou, pou aksidan ki fèt anndan tankou deyò Kebèk, san yo pa bezwen konnen kòz aksidan an.

### Èske m gen dwa pou m jwenn soutyen finansye pou granmoun?

**SA POSIB**. Pou w gen dwa jwenn prestasyon «**Sécurité de la vieillesse**» la nan laj 65-an, fòk ou viv o Kanada pou pi piti 10 ane depi laj 18-an.

Nòmalmann, yon demann azil trete anvan 10-an. Moun sa a ka gentan vin refijye aksepte, rezidan pèmanan oubyen sitwayen kanadyen.

Depi nan laj 60-an, li posib pou yon demandè azil jwenn **prestasyon rejim rant Kebèk** la si l te travay legalman nan Kebèk epi kotize nan rejim nan.

## LASANTE

### Èske m gen dwa pou m jwenn swen sante ak medikaman gratis?

**WI**. Demandè azil yo gen dwa nan **Pwopram federal sante enterimè** (PFSI an franse) pou kouvèti swen sante ak medikaman jiskaske yo vin rezidan pèmanan.

## TRAVAY

### Èske m ka tavyay?

**WI**. Yon moun ki mande azil epi k ap tann odisyon li ka mande yon **pèmi travay** epi travay.

### Èske m ka pote plent pou anplwayè mwen an si kondisyon travay mwen yo enjis?

**WI**. Komisyon ki responsab **nòm minimal travay la** (CNESST an franse) aksepte plent yo **kèlkeswa estati imigrasyon travayè a**.

### Èske m gen dwa pou m jwenn konpansasyon apre yon aksidan travay ki anpeche m travay pandan yon ti tan oubyen pou toutan?

**WI**, si yon demandè azil travay avèk yon **pèmi travay**, komisyon ki responsab **sante ak sekirite nan travay la** (CNESST) ap etidye demann nan.

### Èske m gen dwa pou m jwenn konpansasyon finansye si m pèdi travay mwen?

**WI**. Demandè azil ki ap travay ak yon **pèmi travay** admisib pou jwenn asirans anplwa sèvis gouvènman Kanada a bay. Pwogram sa a ap ranplase 55% revni avan enpo pandan yon sèten peryòd.

Si demann asirans anplwa a aksepte, moun ki resevwa prestasyon yo dwe **disponib pou l travay** pandan tout peryòd li ap benefisye asirans la. Donk, li dwe gen yon **pèmi travay** oubyen mande renouvèlman pèmi an.